# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА УНИВЕРСИТЕТ АШЫЎ ЖОЛЫНДАҒЫ ТАРИЙХЫЙ ДЕРЕКЛЕР

**Айтмуратов Ж., Қалимбетов Б.**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң (дәслеп Нөкис мәмлекетлик университети) ашылыўы аңсатлық пенен әмелге асырылмады. Бул ийгиликли ис «Елим»-деп ат салысқан ел ағаларының 15 жылдан аслам бурынғы аўқам дәўириндеги орай ҳәкимиятының тынымсыз есигин қағыўлары нәтийжесинде әмелге асырылған еди. Өткен әсирдиң 50-жылларына келип республикамыздың экономикасы ҳәм мәдениятының жедел пәт пенен раўажланыўы, ҳәр қыйлы саладағы қәнигелерге зәрүрликтиң артыўы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң ашылыўына болған талапты күшейтти. Себеби 1934-жылы шөлкемлестирилген Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты республикамызға тек педагог қәнигелер таярлаўға бағдарланған еди.

Және де сол жыллардағы жаслардың алдында турған күнделикли машқалалардың бири жоқары оқыў орнына кириў мәселеси еди.

1957-1958-оқыў жылында Қарақалпақстанда орта мектепти питкериўшилер саны 3100, 1958-1959-оқыў жылында 3877, 1959-1960-оқыў жылында 5071 адамды қурайтуғынлығы пединститут ҳәм сырттағы жоқары оқыў орынлары тек 500-600 адамды ғана оқыта алыўы мүмкин екенлиги, солай етип, университет ашылғанда онда оқыўшы контингенттиң жеткиликли болатуғынлығы дәлилленген еди. [1.161-165] Сол жылларда көп сандағы жасларды өзине қамтыйтуғын университет ашыў мәселеси 1956-1957-жыллардан баслап бурынғы аўқамның бир қатар автономиялы республикаларында иске асқан еди. Мәселен, Уфа қаласында Башкурт университети, Чувоксары қаласында Чуваш университети, Нальчикте Кабардин-Балкар университети ҳәм Дагестан университетлери сол республикалардағы ислеп турған педагогикалық институтлардың тийкарында ашылған еди. Усы дәстүрди есапқа алған ҳалда 1958-жыл 11-12-январь айында сол ўақыттағы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының директоры Сабыр Камалов Нөкисте болып өткен XVI-областлық партия конференциясында шығып сөйлеп, Нөкис қаласында педагогикалық институт тийкарында университет ашыў мәселесин ортаға қояды. Бул мәселе конференцияның баянламасына қабыл етилип, 1958-жылдың өзинде Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын университетке айландырыў мәселеси жоқары ҳүкимет орынларының алдына қойылған еди.[2.102]. Бул мәселени анық тийкарлап бериў ушын сол ўақыттағы областлық партия комитети обкомының секретары Ж.Сейтниязов басшылығында арнаўлы комиссия дүзиледи. Сол дүзилген комиссия қурамы ағзалары менен бирге сол ўақыттағы педагогикалық институт басшылары Макачқала, Налчик ҳәм Уфа қалалаларындағы университет жумыслары менен танысады. Усы жерде университет ашыў мәселесин ортаға қойған, академик Сабыр Камалов басынан кеширген мына ҳақыйқатлықты келтирип өтпекшимен: «Комиссияның тапсырмасын орынлап университетлер туўралы материал жыйнап Ташкентке бардым. Университет ашыў мәселеси оғада қыйын ис болды. Бир ўақытлары жедел ис алып бардық, гейпара ўақытлары тоқтап қалды. Бир күни Ташкентте усы мәселе менен жүргенимде Насыр Махмудович пенен кабинетлердиң бириндн ушырасып қалдық. Ол маған «университет мәселеси менен шуғылланыўға кимнен қандай тапсырма алып едиңиз?», - деп сорады. Мен айттым «Насыр Махмудович, баяғыда конференцияда университет ашылыўы керек деген мәселе көтерилгенде сиз комиссия дүзип едиңиз. Мени комиссия ағзасы қылдыңыз, Сейтниязовты баслығы еттиңиз-дедим. Бизге тапсырма берилди, сол бойынша университетлерди көрип қайттық, қарап шығып атырмыз»[3.90]-деген сөзлерин еске түсиреди. Туўмағанның-түби шийки дегениндей, университетти ашыўдың узаққа созылыўы «елим-деп еңиремейтуғын», айрым басшылардың салқын қарағаны да себеп болғанын көремиз. Солай етип, университет ашыў мәселеси көп жыллар даўамында өз шешимин таппай созылып келди.

1959-жылдың март айынан баслап Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң баслығы болып ислеген Қаллибек Камаловтың ислеген хызметлери Өзбекстан басшыларының нәзеринен шетте қалмады. 1963-жылы 5-мартта областлық партия комитетиниң биринши сектарлығына сайланды. Бул ўақытта ол 37 жаста еди. Қ.Камалов елге биринши басшы болған ўақыттан баслап, республиканың халық хожалығы, экономикасы ҳәм халқымыздың турмыс дәрежесин раўажландырыў мақсетинде сол жылдың өзинде Е.Айтмуратов пенен бирге қол қойған хатты Өзбекстан КП орайлық комитетиниң биринши секратары Шараф Рашидовқа алып киреди. Нәтийжеде 1964-жылы Өзбекстан КП орайлық комитети менен министрлер кеңесиниң биргеликтеги «Қарақалпақстан Республикасының өндириўши күшлерин раўажландырыў хаққында» [4.84] қарардың шығыўына ериседи. Қарақалпақстан халық жазыўшысы Муратбай Нызанов айтқанындай Қ.Камалов Қарақалпақстанның басшысы болып сайланған күннен баслап үш мақсетти белгилеп алды. Бириншиси-дүнья қуўмаў, екиншиси-ҳәзликке берилмеў, үшиншиси-өткенлердиң қәтесин тәкирарламаў. Булардың ишинде ең қыйыны үшинши жол еди.[5.93] Себеби Шараф Рашидовтан алдыңғы басшылар республикадағы биринши басшыларды Өзбекстанның басқа ўалаятларынан акелип қойыўы-бул өзиниң кери тәсирин берген еди. Соның ушында жаңа басшы усы елдиң суўығына тоңып, ыссысына пискен, жергеликли кадрларды таярлаўға итибар қаратты.

Тарийхта ҳәр қандай ийгиликли ислердиң әмелге асыўында өз искерлиги менен танылған жеке адамлардың хызмети де айрықша орын ийелейди. Отыз еки жасынан баслап республикамыздың ҳүкимет басшысы лаўазымында ислеген Қ.Камаловтың 1963-1984-жыллары Қарақалпақстан обкомының биринши секратары лаўазымында ислеген дәўири Қарақалпақстан халқының экономикалық-социаллық ҳәм мәдений раўажланыў

жағынан жаңа табысларға ерискен дәўири болды. Қаллибек Камаловтың Республиканы басқарған дәўириндеги салмақлы хызмети халық хожалығы, экономика, санаат ҳәм қурылыс тараўларында ғана емес, билимлендириў, илим ҳәм мәдeнията тараўларында да жаңа табыслар әмелге асырылды. Қаллибек Камалов Республикамызда халық хожалығын заманагөй агро-техникалық усылларда раўажландырыў ушын жоқары билимге ийе қәнийгели кадрлардың зәрүр екенин, жоқары ҳүкимет орынларының алдына тийкарлап берип, 1966-1967-жыллардан баслап педагогикалық институт базасында университет ашыў исине белсене кирисңи. Бул мәселеде Қаллибек Камаловтың Ш.Рашидовтың қоллап-қуўатлаўына ерисип, Москвадағы бир неше лаўазымлы адамлар менен ушырасыўы ҳәм бес жыл даўамында мәселени шешиўдеги табанлылығы аўқам партия орайлық комитетиниң сиясий бюросының тоғыз ағзасы менен сөйлесип, оларды көндиргенлиги өз халқына деген қалыс, пидайы хызметтиң үлгиси болды. Сол жыллардағы СССР жоқары ҳәм орта арнаўлы билим бериў министри Вячеслав Петрович Елютинның қабыллаўына университет ашыў мәселесинде биринши барған сапары «Сизге университет ашыўға еле ерте, педагогикалық институт базасында профессор оқытыўшылар қурамы, илим докторлары жетиспейди. Бундай мүмкиншиликлер менен университет ашыўға болмайды»-деп қайтарған болса, екинши сапар барғанда ол: «Өзбекстанда еки университет бар, сол себепли, үшинши университет ашыў зәрүрлиги жоқ»-деп жуўап берген болса, үшинши, төртинши барғанында В.П.Елютин оқыў өндирислик базасы, студентлерге жатақ жай жетиспейди [6.339]-деп, басқада көп себеплер тоқығысы келеди. Бирақ «Ел ағасы» буның менен тоқтап қалмай, Москваға барған сайын сол ўақыттағы педагогикалық институттың ректоры Тәжен Изимбетов пенен олардың алдына кириўди даўам етип, ашшыласып қалыўға шекем барады. Буннан кейинги жағында орайлық комитеттиң илим ҳәм оқыў орынлары бөлиминиң баслығы Сергей Павлович Трапезников пенен сөйлесиўлерде университет ашыў мәселесинде булардан жоқарырақ инстанцияға шығыўға бағдар болды.

1968-жылы республика пахта жобасын Өзбекстанда биринши болып орынлап, жобадан зият 60 мың тонна пахта берген жылы декабрь айында Кисловодсктеги «Красный камень» санаториясына барып дем алады. Сол санаторияға арадан көп ўақыт өтпей, СССР Министрлер Кеңеси Председатели Алексей Николаевич Косыгин де дем алыўға келеди. Қ.Камалов сабырлылық пенен узақ күтип, алдын ала таярланып, ушырасыў имканиятына ериседи. Көптен күткен бул ушырасыўда республиканың келешеги жоқары билимли кадрлар мәселесине байланыслы екенин ҳәр тәреплеме дәлиллеп, «Алексей Николаевич, Сизден өтиниш, désinstитут базасында университет ашыўға жәрдем бериңиз… Азайыңқырап қалған халықпыз, биз Москваның жәрдемине мүтәжбиз. Бизиң өз әдебиятымыз, тилимиз, тарийхымыз, мәдениятымыз бар. Республиканың тәбийғый байлықлары да мол. Оларды жетистириў ушын билимли кадрлар керек,» [7.341-343] деп өз пикирин еркин ҳәм ашық түрде билдиргеннен кейин, Алексей Николаевич «Мен Москваға барғаннан соң Қарақалпақстанға адамлар жиберемен, олар сол жерде университет ашыў мәселесин үйренеди, материаллар таярлайды, кейин бул мәселени Министрлер Советинде көрип шығамыз, жәрдем етемиз» -деп сөз бериўи бул ийгиликли истиң алға баслаўына үмит бағышлайды. 1969-жылы февраль айында Ташкентте мәдeният ҳәм көркем-өнер күнлерин өткериў пайытында Өзбекстан ҳүкиметиниң басшысы Ш.Р.Рашидовқа А.Н.Косыгин менен ушырасыўын айтып береди ҳәм бул мәселени ол қоллап қуўатлайды. 1969-жылдың ноябрь-декабрь айларында Москвадан келген комиссия ағзалары менен Қарақалпақстанда университет ашыў мәселеси үйренилип шығылып СССР Министрлер Советине таярлық ис қағазлары жибериледи. 1970-жылы гүз айында СССР Министрлер Советиниң Президумы мәжилисиниң күн тәртибинде «Қарақалпақстанда пединститут» базасында университет шөлкемлестириў мәселеси СССР Суў хожалығы ҳәм мелиорация министри Е.Е.Алексеевскийдиң «Биз гидротехникум жайын бермеймиз» деген қарсылығы менен өз шешимин таппай қалады.

Буннан кейинги есик қағып кириўлер министрлер кеңеси баслығының орынбасары Кирилл Трофимович Мазуровтың Орайлық комитеттиң секретары Петр Николаевич Демичевтиң кабинетине кириў даўам етеди. 1972-жылдың ақырында университет ашыў мәселеси Орайлық комитетиниң секретарында қарап шығыў күн тәртибине киргизилип белгисиз түрде және шешилмей қалады.

Мәселениң узаққа созылғанына көз жеткен Шараф Рашидов 1973-жылдың март айында «ВЧ» арқалы қоңыраў етип, «Жақында Ташкентке Л.И.Брежнев келеди, Ережеп Айтмуратович екеўиңиз қол қойған КПСС Орайлық Комитетиниң бас секретарының атына жазылған университет ашыў ҳаққындағы өтиниш қағазыңызды алып кел»-деди. Бизлер муқыятлап, Л.И.Брежневтиң атына 3 беттен ибарат өтиниш хатты таярлап, мен, Ережеп Айтмуратович екеўимиз қол қойып, Ташкентке келдик. Ташкент аэродромында Л.И.Брежневти Москваға узатып салыў пайытында хатты Шараф Рашидовке тапсырады. Шараф Рашидов ол хатты Бас секретардың өзине тапсырды. [8.349] Ол ўақыттағы сиясий дүзимдеги жоқары органларда күн тәртибинде қаралған мәселени шешиўде, 10 адам келисим берип қол көтерседе, бир адам қарсы болса мәселениң шешилмей қалыўы дәстүрге айланған еди. Енди Орайлық Комитеттеги Микаил Андреевич Сусловтың қарсылығынан кейин, Андрей Павлович Кириленконың қабыллаўына кириўге туўра келеди. А.Кириленконың «Ел ағасын» жыллы жүзлилик пенен қабыл етип, соңғы рет 15-декабрьде Орайлық Комитет секретариатында шешимин таба алмаған университеттиң ашылыўы мәселесин ақырына шекем дыққат пенен тыңлайды ҳәм бул мәселени тез шешип беремиз деп жуўап береди. Бул университеттиң ащылыўына себеп болған соңғы қабыллаў еди. Нәтийжеде 1974-жыл 26-февралда А.П.Кириленко қол қойған «Нөкис Мәмлекетлик Университетин шөлкемлистириў ҳаққындағы» қарары [9.193] ның қабыланыўына ерисилди.

1974-жыл СССР Министрлер Кеңесиниң №311-қарары, Жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынлары Министрлигиниң 1974-жылы 7-Майдағы №408-буйрығы, Өзбекстан Ҳүкиметиниң 1974-жыл 21-майдағы 265-

қарарлары жәрияланды. Сондай-ақ «Нөкис Мәмлекетлик Университетин шөлкемлестириў ҳаққында" 1974-жылы 14-июньде Қарақалпақстан Хүкимети басшылары Қ. Камалов ҳәм Е.Айтмуратов кол қойған жоқарыдағы көрсетпелерге тийкарланған 9 пункттен ибарат қарар қабылланды.[10.204-206] Бул қарарда, биринщиден, университет ашыў мәселесинде республика хүкиметиниң басшылық етиўи ҳәм белгиленген илажлардың орынланыўы; екиншиден, Педагогикалық Институт ректоратына үш ай ишинде Өзбекстан Жоқары ҳәм орта арнаўлы Билимлендириў министрлигине жаңадан ашылатуғын қәнигеликлер көрсетилген. Илимий-педагогикалық кадрлар менен тәмийинлеў ҳәм университеттиң материаллық-техникалық базасын беккемлеў бойынша тийисли усыныслар жасаўды жүклеў; үшиншиден, 1976-жылдан баслап университеттиң келешекте раўажланыў жобасын ислеп шығыў; төртиншиден, республикамыздағы тийисли министрликлердиң талапнамасы тийкарында жаңа қәнигеликлерди ашыў жобасын белгилеў: бесиншиден, студентлер ушын қарақалпақ тилинде зәрүрли оқыў-методикалық қолланбалар таярлаў; буларды бурынғы педагогикалық институт ректоратына ҳәм Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалына жүклеў; алтыншыдан, университет студентлери ушын сабақлық ҳәм оқыў қолланбаларын өз ўақтында таярлаў, бул ўазыйпаларды Республикалық баспа сөз ҳәм китап саўдасы мәкемелерине жүклеў; жетиншиден, университет имараты қурылысының комплекси проектин таярлаўды ректорат ҳәм №166-трестке бекитиў; сегизиншиден, профессор-оқытыўшылар ушын 1975-жылдан баслап 44 квартиралы турақ жайлар ажыратыў ўазыйпасын Нөкис қалалық атқарыў комитетине тапсырыў; Тоғызыншыдан, сырттан шақырылған профессор-оқытыўшыларды турақ жайлар менен тәмийинлеў ўазыйпалары көрсетилди.

Бул белгиленген тапсырмаларды орынлаў жолында сөз бенен истиң бирлиги қатаң талап етилди. Тийисли органлар менен мәкемелерге көрсетпелер берилди. 1975-жылға Университет имаратының бас жобасы таярланып, 1976-жылдың басынан қурылыс ислери басланады. Бул исте ақсақалымыз университетте жасларды тек профессор оқытыўшылар ғана емес, имараттың өзи де тәрбияласын деген мақсет пенен, университет қурылысына қолы гүл, ең уста, тасты ағашты сөйлете билетуғын қурылысшыларды таңлап алады.

Жойбар бойынша университеттиң қурылысында мрамор, гранит қолланыў қаралмаған болса да, 10 мың квадрат метрге жақын мрамор, қызыл гранит пайдаланылады. Қурылыс күни-түни тынбастан алып барылып, курылысшылар еки-үш сменеда жумыс ислеўге имканият жаратылды.

1976-жылы Сентябрдеги жаңа оқыў жылына университетти таярлаў мақсетинде ақсақалымыздың өзи июнь, июль, август айларында үш ай даўамында басқа жумысларды қойып, кабинетти қурылыстың басына көширип, азанғы саат 7 ден түнги 11-12 ге шекем қурылысқа басшылық етеди. Республиканың барлық қурылысшылары белсенди қатнасқан бул қурылыстын ең соңғы жумыслары 20-август күни исленип болынды ҳәм университет жаңа оқыў жылына таяр етилди. «Питкен исте-кемис жоқ» дегендей жаңадан тикленген университет имаратының улыўма көринисин, вестибюлин, аудиторияларын, миллий нағысларды, мрамор, қызыл гранитлерди реңли сүўретке алдырып, жақсылап альбом дүзеттирип, бир данасын Тәжен Изимбетов арқалы Москваға В.П.Елютинге жибереди. Оған өз сөзимиздиң хожасы екенимиздиң дәлили ретинде альбомды қабыл етиң, деп кишкене хат жазып жибереди. «Ер шекиниспей-бекиниспейди» дегендей, бул ўакыядан кейин Вячеслав Петрович пенен дослық қатнасықлар даўам етип, ол ақсақалымыздың барлық өтинишлерин орынлап көп жасларды Москвадағы институтларға лимит арқалы қабыллаўға жәрдем етеди.

Усындай қыйыншылықлар менен ашылған университетти бурынғы Аўқамның қайта қурыў дәўириндеги Орай жиберген ўәкиллердиң бири… Қарақалпақстанды басқарып турған дәўирде 1989-жылы Обкомның пленумында "Қарақалпақстанға университеттиң не кереги бар? Оған юридический факультеттиң не кереги бар? Қарақалпақстанда муғаллимлер жетиспейди, институт керек" деп университетти жабыў ушын усыныс билдириўди даўысқа қойып атырған бир ўақытта талантлы искер басшы Султамурат Қаниязов ҳәм областлық партия комитетиниң екинши секретары Дмитрий Дмитриевич Берковлардың табанлылық пенен қарсы турыўына қарамастан, областлық партия комитетиниң секретары Қақимбек Салықов Бурынғы аўқам халық билимлендириўи бойынша мәмлекетлик комитеттиң коллегиясына "Қарақалпақстанның социал-экономикалық раўажланыў дәрежеси төмен, Республикаға университеттиң кереги жоқ, ҳәзир тек ғана педагогикалық кадрлар менен тәминлесек жеткиликли... Университетти тарқатып, педагогикалық институтқа айландырыўымыз зәрүр. Усы мәселелерди шешиў ушын университетке компетентли Аттестация өткериўиңизди өтиниш етемиз" деген мазмунда хат жоллайды. Бундай қыйратыўшылық ҳәрекет ҳәм нийетлердиң жоққа шығыўына ҳәм университеттиң сақланып қалыўына сол ўақыттағы университет ректоры Куўанышбай Өтениязовтың табан тиреп дәлиллеген жуўаплары үлкен әҳмийетке ийе болады [11,85]. Бугинги күни өзиниң 50 жыллық тарийхына ийе Қарақалпақ мәмлекетлик университети Өзбекстан Республикасы жоқары оқыў орынлары арасында ең абройлы билимлендириў орайына айланды.

Бүгинги күни университетте 27780 студент, солардан 17470 студент күндизги тәлим формасында 82 бағдарда билим алады, 7870 студент сырткы оқыў формасында, 593 студент кешки оқыу формасында ҳәм 574 студент аралықтан оқыў формасында ҳәм 64 магистратура қәнигелиги бойынша 1315 магистрант тәлим алады.

Университет заманагой информациялық ресурс орайына ийе болып, онда гуманитар илимлер, тәбийғый илимлер, көркем әдебиятлар, илимий методикалық, сырт ел әдебиятлары, Профессор оқытыўшылар ушын газета ҳәм журналлар, көзи әззилер ушын имканиятлар, интернет ҳәм электрон оқыў залы сыяқлы 10 оқыў залы хызмет көрсетеди. Университетте 18 факультет 53 кафедра болып оларда 69 илим докторы (ДSc) 225 илим кандидаты(PhD) ҳәм профессор оқытыўшылар жоқары билимли маман қәнигелер таярлаўға өз үлесин қосып

атыр. Университетте 10 нан аслам Қәнигелестирилген Кеңес болып, жас илимий кадрлар таярлаўға имканият жаратылған. Университет жәмәәти Халық аралық бирге ислесиўде Европа, АҚШ ҳәм Азияның раўажланған мәмлекетлериндеги жоқары окыў орынлары менен бирге ислесиў бойынша 80 нен аслам шәртнамаларға ийе.

Соңғы жылларда Президентимиз Шавкат Мироманович Мирзиёевтың даналық басламасы менен университет қурамындағы факультетлер тийкарында Республикамызда 10 нан аслам жоқары оқыў орынларының ашылыўы, университеттен қанат қағып, бир неше жоқары оқыў орнына тийкар салыныўы-Университеттиң жоқары билимли кадрлар таярлаў орайының атасы екенлигинен дерек береди.

**ӘДЕБИЯТЛАР**


1. Қарақалпақстан Республикасы орайлық мәмлекетлик архиви фонд-1, дизим-9, ис қағаз-304, 161,165-б.
2. ҚРОМА фонд-322, дизим-5, ис қағаз-8. 102-бет.
3. Камалов С. Өмирим сабақларынан. «Еске түсириўимлерим» - Нөкис: «Илим» 2019. – 90-б.
4. Камалов Қ. Ел хызметинде. Нөкис. «Билим» баспасы, 2018-жыл. 84-бет.
5. Муратбай Нызанов. Бир әсирлик өмир.- Нөкис, «Jeti iqlim» баспасы, 2024-жыл, 93-б.
6. ҚРОМА фонд-1, дизим-27, ед.хр. 193.
7. ҚРОМА фонд-1, опис-5, дело-8, 204-206 бетлер.
8. Қуўанышбай Өтениязов. Ойларыма өзеклес өмирим (мемуар) –Ташкент, «Академия» баспасы, 2001.85-бет.


*Қарақалпақстанда университет ашыў жолындағы тарийхый дереклер*

**Резюме.** Мақалада Қарақалпақ мәмлекетлик университетин ашыў мәселесиниң пайда болыў зәрүрлиги сөз етиледи. Университетти ашыў жолындағы Орай сиясатындағы қарама-қарсылықлар атап көрсетиледи. Машқаланы шешиўде "Ел ағасы" Қ.Камаловтың батыл ҳәрекети айқын көрсетиледи. Бүгинги күни университет жәмәәтиниң жоқары билимли заманагөй кадрлар таярлаў орайы есапланатуғыны ҳаққында мағлыўмат берилген.

**Таяныш сөзлер:** университет, тарийхий зәрүрлик, орай сиясаты, илимий кадрлар.

*Исторические сведения на пути к открытию университета в каракалпакстане.*

**Резюме**. Обосновывается необходимость открытия Каракалпакского государственного университета. Указываются противоречия в политике Центра на пути к открытию университета. Ярко показаны смелые действия "аксакала народа" К. Камалова в решении проблемы. Предоставлены сведения о том, что на сегодняшний день коллектив университета является центром подготовки высокообразованных современных кадров.

**Ключевые слова:** университет, историческая необходимость, политика центра, научные кадры.

*Historical information on the path to establishing a university in karakalpakstan*

**Abstract.** This article substantiates the necessity of establishing Karakalpak State University. It highlights the contradictions in the Center's policy regarding the university's establishment. The bold actions of the "elder of the people," K. Kamalov, in resolving the issue are vividly described. Information is provided showing that today the university's collective serves as a center for training highly educated, modern specialists.

**Keywords:** university, historical necessity, policy of the Center, academic personnel.

---